


Alkitab kanggo murangkalih
Nyanggakeun



Simson,
Jalma
Kuatna
Gusti



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
Janie Forest, Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: Lyn Doerksen

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin


Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2023 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.




Baheula, di tanah Israil, aya saurang lalaki ngaranna Manoah. Anjeunna jeung pamajikanana teu gaduh anak. Dina hiji poe Malaikat GUSTI nembongan ka Ibu Manoah. "Anjeun bakal gaduh orok anu istimewa pisan," saur anjeunna.





Manéhna bébéja ka salakina. Manoah ngadoa,
"Duh Gusti... pami tiasa dongkap deui ka kami.
Ajarkeun ka kami naon anu kudu kami
lampahkeun kanggo murangkalih."





Malaikat ngawartosan ka Manoah yén budak éta ulah dipotong rambutna, ulah nginum alkohol, ulah tuang sambarangan. Gusti parantos milih budak ieu janten hakim. Anjeunna bakal mingpin bangsa Israil.






Umat Gusti pastina butuh bantuan. Maranehna ninggalkeun Gusti tina hirupna, tuluy diganggu ku musuh-musuhna, urang Pelisti. Tapi nalika aranjeunna neneda Gusti uninga. Anjeunna ngirimkeun orok ieu anu bakal janten lalaki pangkuatna di dunya.



"Tuluy awéwé éta ngababarkeun saurang putra jeung dingaranan Simson: orok teh tumuwuh, sarta GUSTI ngaberkahan anjeunna. Lajeng Roh GUSTI ngawitan aya dina anjeunna."

Simson jadi kuat pisan. Hiji poé manéhna ngalawan hiji maung ngora ngan saukur kuleungeunna sorangan, sarta maéhan eta singa!





Dina saterusna, Simson ngaraosan madu ti lebah anu nyarang dina mayit singa. Anjeunna ngayakeun tatarucingan: "Ti anu tuang sumping anu tuang sareng anu kuat sumping anu amis."






Teu aya anu tiasa nebak naon
hartina tatarucingan teh - tapi
pamajikan anyar Simson urang
Pelisti, ngawartosan ka babaturan.
Eta teh matak Simson ambek pisan.




Simson beuki ambek saprak terang urang Pelisti masihan pamajikanana kanggo pamajikan sobatna. Anjeunna rek males dendam. Tapi kumaha? Mimitina, Simson newak 300 ajag. Lajeng seug ditalian dua-dua, buntutna dikantetkeun. Lebah patumbuna diteundeunan obor.




Geus kitu Simson ngencarkeun ajag-ajag eta di kebon gandum urang Pelisti!




Ayeuna urang Pelisti malik rek males kanyeri.
Simson ngantep dirina ditéwak, ditalian,
diserahkeun pikeun dipaéhan ku urang Pelisti.



Nanging Roh GUSTI sumping ka
Simson. Anjeunna megatkeun
tali, nyokot tulang rahang seger
tina kalde maot, tuluy maehan
1000 urang musuh.



Pihak panyungsi Filistin néangan Simson. Dina hiji peuting, anjeunna dijebloskeun ka hiji kota tuluy nulakan panto-panto gerbang kota. Tapi Simson angger leumpang kaluar - bari mawa panto gerbang kota dina taktak-Na!



Tapi Simson nguciwakeun Gusti.
Gusti masihan kakiatan ka anjeunna
satungtung anjeunna taat.
Hiji poé, Simson babagi rusiah
kakawasaanana jeung Delila,
hiji mata-mata Filistin nu geulis.
Anjeunna miwarang saurang
nyukur rambut
Simson nalika
anjeunna saré.





Geus kitu serdadu-serdadu Pelisti narajang Simson di kamer Delila.


Simson ngorejat rek megatkeun eta tali - tapi kakuatanana leungit.

Musuh-musuhna nyongkel panonna. Buta jeung lemah, Simson jadi budakna urang Pelisti.


Maranehna ngagakgak nyeungseurikeun bari jeung ngahinakeun badega Gusti.



Urang Pelisti ngayakeun pesta. Aranjeunna muja-muji Dagon, dewa lauk maranéhanana, kulantaran tos masihan Simson kana leungeun maranéhna. Aranjeunna ngararinum bari pohara gumbira di kuil Dagon. Tuluy aranjeunna nyauran Simson rek dititah ngabodor pikeun aranjeunna.



Hiji budak lalaki nungtun Simson, sarta ngantep manehna nyarande kana tihang nu nahan kuil. Aya kurang leuwih 3000 urang Pelisti dina hateupna, sareng seueur deui di kuil, sadayana moyokan anjeunna. Tapi buuk Simson geus tumuwuh salila anjeunna di panjara. Ayeuna anjeunna neneda, "Nun GUSTI PANGERAN, kuatkeun abdi ngan sakali ieu, supaya abdi tiasa males kanyeri dua panon abdi."




Tapi buuk Simson geus tumuwuh salila anjeunna di panjara. Ayeuna anjeunna neneda, "Nun GUSTI PANGERAN, kuatkeun abdi ngan sakali ieu, supaya abdi tiasa males kanyeri dua panon abdi."



Naha Gusti bakal masihan kakuatan deui ka Simson?
Naha Simon tiasa ngalakukeun anu mustahil?

ENYA! ENYA! Séréngéh jeung
renghap-renghap, Simson
maksakeun tihang-tihang
badagna dipisahkeun.
Bait Dagon ancur,
maéhan rébuan urang
Pelisti - sareng
Simson!



Simson, Jalma Kwatna Gusti


Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Hakim-hakim 13-16

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu
masihan Caang." Psalm 119:130





14

60



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

